



Pou Piblikasyon Imedya: 12/22/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPO YO FLOTE A DEMI MA

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande pou drapo yo ki sou bilding gouvènman eta flote a demi ma nan dat 23 desanm 2015 nan lonè yon manm Gad Nasyonal Ayeryen New York ki te mouri nan Afghanistan nan lendi 21 desanm. Sèjan Teknik Gad Nasyonal Ayeryen New York Joseph Lemm, yon rezidan nan Lwès Harrison, te mouri nan yon ensidan andeyò Baz Ayeryen Bagram. Li te yon sòlda 105yèm Eskadwon Fòs Sekirite yo, ki se yon eleman nan 105yèm Airlift Wing nan Stewart Air National Guard Base nan Newburgh, N.Y.

"Anplwaye Sèjan. Joe Lemm te sèvi peyi sa avèk kouraj ak detèminasyon ki enkanne fòs Lame Etazini ak NYPD," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan non tout Nouyòkè yo, mwen voye sensè kondoleyans mwen bay fanmi, zanmi, ak kòlèg ofisye ak mnam sèvis yo."

Gouvènè Cuomo mande pou drapo sou tout bilding eta yo bese ademi-ma nan lonè ak pou rann omaj pou manm lame nou yo ak sila yo ki nan pòs Nouyòk yo touye nan konba oubyen ki mouri nan yon zòn batay.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418